

TEM REFERANS: KONTAB

(pou Kouvri Peyod Matènité)



Tit Konsiltan	Kontab
Kote anplwaye a baze:	Pòtoprèns ak lòt zòn Fondasyon Depase Fwontyè yo travay
Dire Kontra:	5 mwa plen tan
Sipèvizè:	Reskonsab Depatman Finans
Pòs Anplwaye a Sipèvize:	Okenn

Entwodiksyon

“Fondasyon Depase Fwontyè” etabli an Ayiti depi 2015 pa Beyond Borders, yon ONG Ameriken kap travay an Ayiti depi lane 1993. Depase Fwontyè yo ede moun konstwi mouvman pou yo soti tèt yo nan opresyon ak izolman. Depase Fwontyè yo soutni tout mouvman ki genyen kòm objektif pou konbat sistèm restavèk la (esklavaj Timoun), fasilité tout moun jwenn aksè ak edikasyon inivèsèl, lite kont vyalans kap fèt sou fanm ak tifi epi ranphase sistèm k'ap peze pòv yo ak yon lòt sistèm ki soutni travay diy epi ki bay dirab.

Aktivite Depase Fwontyè yo reyalize direkteman ak estaf li an epi tou nan tèt kole ak lòt òganizasyon ki se patnè lokal li yo. Lap egzekite twa (3) pwogram li genyen yo ki se: Repanse Pouvwa (elimine vyalans kap fèt sou fanm ak tifi), Inisyativ Kominote Modèl (IKM) Riral ak Inisyatif Kominote Modèl (IKM) Ibènn.

Objektif Konsiltasyon an

Depase Fwontyè yo ap chache yon kontab kalifye, ekspèrimante pou sipòte Depatman Finans Pòtoprèns lan pandan pèyòd konje matènité Kontab prènsipal la.

Reskonsablité Konsiltan an

Konsiltan an ap gen pou li asiste Reskonsab Finans lan nan ekzekisyon tach li yo. Li reskonsab pou li kontabilize tout tranzaksyon kap fèt anndan òganizasyon an, lap gen pou li bay rapò finansyè pwogram sa epi jere kès yo a. Konsiltan an ap gen pou li prepare pewòl estaf yo epi peye DGI, ONA ak OFATMA tou. Konsiltan an dwe asire ke Depase Fwontyè yo respekte nòm kontab nasyonal ak entènasyonal ak pwosèdi jesyon finans Fondasyon Depase Fwontyè yo tabli.

Kontab la dwe egzekite tach sa yo:

- Fè kontabilite tout transkasyon pou pwogram Potoprens
- Prepare rapò finansye swivan bezwen
- Asiste nan fè jesyon pewòl
- Kreye, finalize, epi fè swivi dosyefinans yo
- Asiste nan prepare rapò pou aktivite pwogram yo
- Fe rekonsilyasyon kont bank yo chak mwa
- Peye Taks: DGI, ONA, OFATMA ak Asirans Sante nan dat sa dwe fèt la
- Pase ekriti jounalye yon an sistèm nan
- Byen jere dosye finans yo pou yo kapab odite avèk fasite epi travay ak oditè yo
- Asire ke tout dokiman finans yo byen klase

- Prepare, eskane, voye bay pyès jistikatif ki makonne ak pewòl/depans resous imèn pou ekip Repanse Pouwwa Jakmèl chak mwa
- Patisipe nan tout rankont finans lè sa nesesè
- Patisipe nan tout rankont planifikasyon ak evalyasyon ak ekip IKM Pòtoprèns
- Tout lòt responsabilite Fondasyon Depase Fwontyè yo jije nesesè pou Pwogram yo avanse ap fèt ak konsantman konsiltan an

Kalifikasyon

- Etid an kontabilite/jesyon
- Pase o mwens 2 zan ap travay nan yon domèn konsa
- Genyen konesans nan fiskalite Ayisyèn nan
- Genyen kapasite pou itilize lojisyèl de biwo tankou Word ak Excel
- Metrize lojisyèl Quickbooks
- Genyen kapasite pou ekri rapò
- Genyen konesans sou jesyon pwojè
- Genyen kapasite pou kominike byen
- Genyen yon bòn konesans Kòd Travay Ayisyen an
- Kapasite pou travay sou presyon epi respekte delè nan yon aviwonman difisil
- Kapasite pou Travay an ekip epi Devlope bon relasyon moun ak moun
- Kapasite pou jere avèk diskresyon enfomasyon ki sansib oswa konfidansyèl
- Eksperyans travay avèk ONG oubyen òganizasyon charite
- Angaje pou fè pwomotion egalite ak divèsite

Depase Fwontyè, se yon anplwayè ki ofri menn opòtinite a tout moun. Nou ankouraje moun ki ap viv ak yon andikap, fanm ak manm gwoup ki depi lontan ki majinalize yo aplike.

Nou ankouraje kandida ki enterese yo pou yo soumèt :

- CV
- yon lèt motivasyon
- tout lòt dokiman ki prouve fòmasyon l ak eksperyans travay li
- 3 referans pwofesyonèl

nan kourye elèktronik sa: consultant@beyondborders.net. Tanpri mete nan tit imèl la : **Konsiltan Kontab**

Dat limit pou soumet dosye yo **pou pi ta 17è00 jou kap vandredi 25 Oktòb 2019**. Se selman kandida ki preselèksyone yo ke nou ap kontakte.